



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK MARIAH KENNEDY CUOMO ANONSE ETA NEW YORK ASOSYE AK REALREAL LA POU LANSE KANPAY "METE MASK" NAN BENEFIS EFÒ POU SOULAJMAN COVID-19 EPI SANSIBILIZE SOU NESESITE POU METE MASK YO**

***Edisyon Limite Mask "New York Solid" la ke Public School fè pral kolekte fon pou Nouyòkè ki nan bezwen yo***

***Yo dwe bay òganizasyon charitab pou soulajman COVID-19 yo ki se Feeding America, Nurse Heroes ak New York COVID Relief Fund pwofi yo fè nan mask yo pou ede kont ensekirite alimantè ak sipòte enfimye yo***

Gouvènè Andrew Cuomo ak pitit fi li Mariah Kennedy Cuomo te anonse Eta New York ap asosye ak RealReal ak plizyè douzèn kreyatè mòd nan New York pou lanse "Metete Mask" (Mask Up), ki se yon kanpay nan benefis efò pou soulajman COVID-19 yo epi raple piblik la sou neseseite pou yo metete mask. Kanpay "Metete Mask" la pral kolekte fon pou kominote yo ki afekte nan COVID-19 la nan bay nan twa òganizasyon charitab k'ap travay nan New York ak toupatou nan peyi a pwofi yo fè nan mask yo pou ede moun ki nan neseseite yo - Feeding America, Nurse Heroes ak New York COVID Relief Fund. Eta New York ak RealReal pral pibliye yon edisyon limite mask "New York Solid" ki fèt pa etikèt mòd selèb Public School New York la nan kad yon kanpay senk semèn ki prezante depo mask chak semèn sou estil tematik.

"Kòm nou kontinye batay kont COVID-19 la, yon reyalite ki klè se - mask yo ede sispann pwopagasyon an epi sove lavi moun. Men, li la klè tou ke fatig COVID ap enstale kò li epi sa prezante pwòp defi li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou bezwen jwenn fason kreyatif pou ankouraje moun yo metete mask. Kanpay Metete Mask la ogmante kreyativite kominote mòd New York la pou ede rezoud defi sante piblik sa a, pandan l'ap kolekte fon anmenmtan pou kominote yo ki afekte nan COVID-19 la. Jete yon kout je sou mask NY Solid yo epi metete mask. Ansanm, nou pral pote viktwa sou viris sa a."

"Nan yon moman kote anpil moun chèche yon fason pou fè yon diferans, metete yon mask gen pouvwa pou sove lavi, e se yon deklarasyon konsènan kilès ou ye", **Mariah Kennedy Cuomo te deklare.** "Kanpay Metete Mask la ini kreyatè enkwayab ki konekte ak New York pwofondman, kapital mòd peyi nou an. RealReal ak Eta New York ap asosye pou eksplwate pouvwa kominote mòd la pou transmèt yon mesaj trè senp, men ki enpòtan anpil: Metete Mask. Stope Pwopagasyon an. Sove Lavi! Peyi nou an toujou ap

batay kont COVID-19 la, epi kanpay sa a demontre ke nou ka jwenn fason ki amizan epi kreyatif pou fè yon enpak."

"Lè nou konbine pouvwa enfliyans kominote mòd la avèk lidèchip Gouvènè Cuomo ak Mariah Kennedy Cuomo, nou kapab yon fòs kolektif pou tout bon", **deklarasyon Julie Wainwright, fondatris ak Direktris Egzekitif Jeneral RealReal la.** "Se yon privilèj pou nou reyini yon gwoup Nouyòkè divès epi ki gen talan konsa pou enspire moun yo pou yo mete yon mask, pandan y'ap sipòte travay patnè òganizasyon charitab nou yo k'ap fè anpil bagay pou kominote yo ki afekte nan COVID".

Etikèt mdò Public School la te fonde pa natif Vil New York Dao-Yi Chow ak Maxwell Osborne e li renome pou rad mèt beton li an ki te enspire pa eksperyans kreyatè yo ki tap ogmante nan lekòl piblik yo nan New York. Chow ak Osborne gen plan dirab anbisye pou fè yon majorite pwodwi yo apati materyèl antik oswa materyèl resikle siplemantè yo.

"Nou se pwodwi New York epi nou reprezante rezilyans ak solidite lespri New York sa a, kidonk li nòmal pou nou patisipe nan kanpay sa a", **deklarasyon Dao-Yi Chow ak Maxwell Osborne, direktè kreyatif ak ko-fondatè Public School.** "Nou te vle desine yon bagay ki reprezante pouvwa a moun yo ki mete ansanm pou goumen pou yon koz komen. Nouyòkè yo te toujou gen sipò youn lòt e sa pa chanje pou pandemi sa a."

Pandan senk semèn kap vini yo, RealReal ak Eta New York pral lanse depo mask chak lendi sou estil tematik. Tèm chak semèn lan enspire pa youn nan valè debaz New York yo: solid, entelijan, ini, disipline ak renmen. Mak ak kreyatè k'ap patisipe yo enkli 3.1 Phillip Lim, 4SDESIGNS, Alejandra Alonso Rojas, Alice + Olivia, Altuzarra, Chromat, Collina Strada, Jonathan Cohen, KES, Mara Hoffman, Mi Jong Lee, Michael Kors, Nili Lotan, Noah, Prabal Gurung, Public School, Rag & Bone, Romeo Hunte, Ryan Roche, Sandy Liang, Studio 189, Tanya Taylor, Thom Browne, Victor Glemaud ak Zero + Maria Cornejo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)